



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPOZISYON POU MODÈNIZE BIWO KONDWIT  
MEDIKAL PWOFEZYONÈL NAN KAD DISKOU SOU ETA LETA A POU ANE 2021  
AN**

*Yon ansanm refòm global pou amelyore siveyans pwofesyonèl medikal ki gen  
lisans nan Eta New York yo*

*Li ogmante transparans pou pèmèt aksè piblik nan enfòmasyon sou sitiyasyon  
lisans pwofesyonèl yo ak ankèt sou movèz kondwit yo*

Gouvènè Cuomo te anonse jodi a yon pwopozisyon pou modènize Biwo sou Kondwit Medikal Pwofesyonèl Depatman Sante (Department of Health's Office of Professional Medical Conduct) a nan kad diskou sou Eta Leta a pou ane 2021 an atravè yon ansanm refòm global. Gouvènè a pral entwodwi lejislasyon pou asire ke Biwo a genyen zouti ki apwopriye pou ankèt ak disiplin tout bon sou medsen, asistan medsen ak asistan espesyalis yo ki gen lisans nan Eta a. Aksè nan dènye enfòmasyon sou sitiyasyon lisans pwofesyonèl ak ankèt yo pral ogmante sekirite piblik epi ranfòse transparans ant kominote medikal ak pasyan yo. Gouvènè a pral adopte tou egzijans pou renouvèlman pou pwofesyon medikal ki gen lisans rasyonnalize siveyans lan.

"Kounye a plis ke jamè, Nouyòkè yo dwe genyen pi gwo konfyans ak asirans yo nan founisè swen sante yo a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kominote swen sante yo te tou senpleman ewoyik nan travay yo pou pwoteje nou kont menas COVID la, sepandan nou kontinye obsève malerezman kèk egzanp konpòtman san eskripil. Dèske nou ap egzekite refòm bon sans sa yo, nou pa sèlman ap ranfòse penalite yo kont move aktè yo, men nou ap amelyore kapasite anketè yo pou derasine yo."

Gouvènè a pral entwodwi lejislasyon pou aktyalize Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law) la pou ranfòse mezi disiplinè yo kon movèz kondwit ki ap bay kòm rezilta aplikasyon lalwa kont movèz kondwit ak sekirite anplis pou pasyan. Anplis, Gouvènè a pral pwopoze refòm nan pwosesis pou ankèt ak odisyon yo pou asire ke Biwo a kapab aji rapidman pou rann medsen yo responsab, konfime ankèt yo, epi kenbe pasyan yo an sekirite.

Dezyèmman, Gouvènè a pral pwopoze egzijans pou renouvèlman espesifik pou kenbe omologasyon Eta a pou pratik yo. Aktyèlman, medsen ki gen lisans nan New York yo rete kòm lisansye pou lavi, menm si yo demenaje ale nan lòt Eta. Adopte egzijans pou renouvèlman yo pral redwi kantite resous Eta a dedye pou ankete sou move aktè yo ki

pa te rezide oswa pratike nan New York pandan kèk tan, men ki te toujou kenbe yon lisans Eta a ki aktif.

Pwopozisyon sa a fonde sou efò kontini Gouvènè Cuomo pou asire sante ak sekirite pou tout Nouyòkè yo. An 2018, Gouvènè a te siyen lejislasyon pou pèmèt Depatman Sante (Department of Health) a sispann lisans nenpòt medsen yo akize ak yon krim, si yo te estime ke omologasyon kontini lisans li a te poze yon risk pou sante pèp New York la. Pandan ke chanjman yo pèmèt Depatman Sante a aji pi rapidman pou pwoteje pasyan yo, lwa aktyèl la entèdi konfimasyon piblik pou ankèt ki te kite piblik la istorikman avèk enfòmasyon ki limite.

Lejislasyon an pral ankouraje transparans nan asire aksè piblik nan dènye enfòmasyon sou tout pwofesyonèl ki gen lisans Eta a ak nan tout ankèt ki ankou lè sa apwopriye. Yo pral fè yon efò sible pou bay piblik la enfòmasyon ak resous si li ta gen enkyetid sou kondwit pwofesyonèl yon founisè swen sante.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)